



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKIP SANSIBLIZASYON KI ANGAJE POU KONEKTE REZIDAN LÈS BUFFALO YO AVÈK PWOGRAM AK SÈVIS YO

Buffalo Federation of Neighborhood Centers pral ofri angajman kominotè pou rezidan Lès Buffalo yo

Yon pati esansyèl nan angajman [investisman sible 50 milyon dola](#) istorik Gouvènè a nan Lès Buffalo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te akòde 500,000 dola bay yon ajans lokal sèvis sosyal yo pou mennen aktivite sansibilizasyon kominotè ansanm ak pòt a pòt nan kay yo nan kominote Lès Buffalo pou ede rezidan yo jwenn aksè nan benefis, sèvis ak pwogram gouvènman an. Efò sa a te anonse pou premye fwa nan mwa jen, kòm yon pati nan yon pi gwo lis investisman sible 50 milyon dola pou reponn a bezwen kominote a apre yon atak fiziyad pou rezon rasyal nan yon makèt lokal nan mwa me.

"Pandan n ap kontinye ede kominote Lès Buffalo rekipere apre atak terib 14 me a, nou rete angaje pou nou konbat inegalite sistemik ki te kite anpil nan rezidan li yo dèyè pandan plizyè deseni", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap reponn a enkyetid kominote a epi n ap travay nan tèt kole ak Vil la, Konte a, manm kominote a ak lòt patnè yo pou repare tò pase yo, paske nou rekonèt gen anpil travay toujou ki pou fèt pou nou konstwi yon avni ki pi jis ak pi ekitab nan Buffalo".

Eta a te travay avèk Konte Erie ak Vil Buffalo pou kreye yon pwogram sansibilizasyon ke Buffalo Federation of Neighborhood Centers pral dirije. Òganizasyon an pral bay aksè dirèk nan sèvis entansif youn a youn ak jesyon ka pou redui sa òganizasyon lokal yo dekri kòm yon diferans remakab ant disponiblite benefis ak sèvis yo ak itilizasyon yo nan kominote sa a.

Nan sèvi ak metòd ki kiltirèlman konpetan, epi ki konsidere twomatis, Buffalo Federation of Neighborhood Centers, Inc., pral reyalize pwospeksyon pòt a pòt nan kay nan Lès Buffalo pou bay enfòmasyon sou benefis ak sèvis ki disponib, nan mete aksan sou kòd postal sa yo: 14204, 14208, 14209, 14211, 14212, ak 14215.

Anplwaye ki resevwa fòmasyon yo pral kapab idantifye sèvis sosyal espesifik, lojman, ak bezwen similè, pran aksyon imedya pou reponn a bezwen sa yo, fè referans, epi

swiv pwogrè ka benefis yo. Ekip la pral bay aksè dirèk nan pwogram ak sèvis tankou Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP); Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP); Asistans Piblik; egzansyon taks sou pwopriyete STAR; Medicaid, Medicare, ak lòt opsyon Echanj Sante; Plan Asirans Sante Timoun (Children's Health Insurance Plan, CHIP) ak Plan Asirans Sante Timoun Eta.

Buffalo Federation of Neighborhood Centers pral òganize tou 15 oswa plis aktivite kominotè pandan ane k ap vini an, an kowòdinasyon ak òganizasyon relijye ak lòt òganizasyon kominotè. Evènman sa yo pral òganize pou fasilite maksimòm patisipasyon kominote a.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Ajans nou an sipèvize anpil pwogram ki ka ede fanmi ki gen revni ba yo satisfè bezwen yo epi avanse nan direksyon sekirite ekonomik. Pwogram ak sèvis sa yo egziste pou ede Nouyòkè parèy nou yo nan moman bezwen yo, epi nou ankouraje moun ki ka elijib pou yo aplike".

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "OMH kontan sipote inisyativ enpòtan sa a pou asire moun k ap viv nan lès Buffalo ki te plis afekte pa trajedi sa a gen aksè a sèvis sosyal esansyèl ak benefis yo bezwen pou rekipere nèt. Sansibilizasyon entansif sa a pral asire ke yo atenn tout rezidan yo epi yo gen aksè nan benefis ak sèvis ki nesèsè pou rekonstwi ak devlope kominote yo".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Pi gwo investisman 50 milyon dola eta sa a se yon bagay ki enpòtan pou Buffalo, epi poutan sa ap vle di yon ti kras si rezidan yo pa konnen kijan pou yo jwenn aksè nan sèvis ak pwogram dedye ki disponib yo. Sansibilizasyon sa a se yon eleman enpòtan pou konekte popilasyon an ak benefis ak resous ki pral sipòte totalman efò pou ranfòse kominote nou an ak fanmi k ap travay di ki rele li lakay yo".

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, "Konte Erie fyè pou l fè patenarya avèk Eta New York ak Vil Buffalo pou pi byen sèvi rezidan yo epi asire ke tout moun jwenn aksè nan pwogram ak sèvis ki nesèsè yo yon fason ekitab. Anpil moun ak fanmi pa okouran de resous ki isit la pou ede yo ak oryante yo, kontak moun a moun se yon bon fason pou ogmante sansibilizasyon sa a. Efò tankou sa a mennen nan yon kominote ki pi solid, ki pi rezistan ak pi byen konekte epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman sa a".

Majistra Buffalo, Byron Brown, te deklare, "Mwen rekonesan dèske Buffalo Federation of Neighborhood Centers, Inc. te deziyen pou pwojè enpòtan sa a. Sèvi ak 500,000 dola pou konekte Lès Buffalo ak sèvis yo se yon etap enpòtan nan ede popilasyon an jwenn resous ki disponib pou yo. Mwen espere ke pwospeksyon sa a pral mennen nan rezilta reyèl nan lavi rezidan Lès Buffalo yo epi mwen espere wè rezilta pozitif".

Direktè Egzekitif Jenerl Buffalo Federation of Neighborhood Centers, Chandra Redfern, te deklare, "Sa a se yon pwojè pafè pou ajans ki baze nan kominote nou an, epi nou fyè ak vin pi enèjik gras a opòtinite nou genyen pou nou fè yon enpak. Nou kontinye reyimajine sèvis yo pou yon kominote k ap evolye. Pwojè sa a pèmèt nou rankontre rezidan ki ka bezwen asistans kote yo ye. Konsantrasyon sou sèvis kliyan ak lefèt nou bay yon koutmen se bagay ki ankourajan".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418